



Eleksyon Minisipal 2023

Èske w te konnen Vil Miami, Homestead, Miami Beach ak Hialeah tout gen eleksyon lokal ane sa a? An jeneral, to patisipasyon nan eleksyon minisipal yo konn pi ba, kidonk vòt nou yo konte pi plis.

Reprezantan gouvènman lokal yo enfluyans lavi chak jou nou, lè yo pran desizyon enpòtan sou lojman, devlopman, transpò piblik, ak anpil lòt bagay ankò. Plis nan nou dwe vote pou ka gen yon vrè chanjman nan kominote lokal nou yo. Si nou pa vote, ofisyèl eli nou yo p ap bay solisyon nou yo priyòrite.

Vin rantre nan mouvman jèn yo ki gen yon enpak reyèl gras a travay òganize y ap fè ak angajman sivik nan kominote lokal yo. Chèche vil ou an anba a, epi jwenn tout enfòmasyon ou bezwen pou vote!

[Vil Miami an](#)

Novanm ane sa a, rezidan Vil Miami yo pral eli yon nouvo Komisyonè pou Distri 1, 2 ak 4. Prèske youn sou twa elektè ki anrejistre nan Vil Miami se jenerasyon Z oswa milènè, men an 2021, to patisipasyon elektè ki gen laj 18 - 35 an te sèlman 4,5%! Sa vle di, si 60,000 jèn nan vil la ale nan biwo vòt yo, vòt nou yo ka gen yon gwo enpak.

Se avni nou, se vil nou, se vòt nou, epi li lè pou nou montre pouvwa nou ak vòt!

Tcheke dat ki anba yo pou konnen kijan pou vote nan eleksyon minisipal yo ane sa a.

Dat Limit pou Enskri pou Vote	10 oktòb 2023
Dat Limit pou Mande yon Bilten Vote pa Lapòs	28 oktòb 2023
Peryòd Vote Bonè	28 oktòb - 5 novanm 2023 nan nenpòt kote pou vote
Jou Eleksyon an	7 Novanm 2023 (7:00 am jiska 7:00 pm) nan biwo vòt ki sou kat enskripsyon votè w la



Homestead

Novanm ane sa a, rezidan Vil Homestead yo pral eli yon nouvo Majistra ak manm Konsèy #2, #3, ak #6. An 2021, pandan dènye eleksyon minisipal yo, se sèlman 9,6% nan tout votè ki anrejistre yo ki te vote. Sa vle di, sèlman 3,419 moun te eli lidè yo nan vil Homestead la. Jèn yo (ki gen laj 18-35 an) reprezante 33,6% nan tout votè ki anrejistre nan vil Homestead la. Sa vle di, nou gen kantite ak pouvwa pou nou fè yon vrè diferans nan eleksyon ane sa a, si nou al vote! Tcheke dat ki anba yo pou konnen kijan pou vote nan eleksyon primè ak minisipal yo ane sa a.

Dat Eleksyon Primè yo

Dat Limit pou Enskri pou Vote	5 septanm 2023 (5:00 p.m.)
Dat Limit pou Mande yon Bilten Vote pa Lapòs	24 septanm 2023 (5:00 p.m.)
Peryòd Vote Bonè	Jedi 28 septanm (11:00 a.m. rive 7:00 p.m.) Vandredi 29 septanm (11:00 a.m. rive 7:00 p.m.) Samdi, 30 septanm (8:00 a.m. rive 4:00 p.m.)
Jou Eleksyon Primè	3 oktòb 2023 (7:00 a.m. rive 7:00 p.m.)

Dat Eleksyon Minisipal yo

Dat Limit pou Enskri pou Vote	10 oktòb 2023 (5:00 p.m.)
Dat Limit pou Mande yon Bilten Vote pa Lapòs	28 oktòb 2023 (5:00 p.m.)
Peryòd Vote Bonè	2 novanm 2023 (11:00 a.m. rive 7:00 p.m.) 3 novanm 2023 (11:00 a.m. rive 7:00 p.m.)



	4 novanm 2023 (8:00 a.m. rive 4:00 p.m.)
Jou Eleksyon an	7 novanm 2023 (7:00 a.m. pou 7:00 p.m.)

[Miami Beach](#)

Novanm ane sa a, rezidan vil Miami Beach yo pral eli yon nouvo Majistra, yon Komisyonè pou Gwoup IV, yon Komisyonè pou Gwoup V, ak yon Komisyonè pou Gwoup VI. Jèn yo (ki gen laj 18-35 an) reprezante 20% nan tout votè ki anrejistre nan vil Miami Beach. Sa se prèske 10,000 vòt! Prepare plan w pou vote jodi a, epi vin rankontre nou nan biwo vòt yo. Èske w ap vote pa lapòs, w ap vote bonè oswa jou eleksyon an? Tcheke dat yo ak dat limit ki anba yo pou detèmine lè ki pi bon pou ou.

Dat Limit pou Enskri pou Vote	10 oktòb 2023 (5:00 p.m.)
Dat Limit pou Mande yon Bilten Vote pa Lapòs	26 oktòb 2023 (5:00 p.m.)
Peryòd Vote Bonè	23 oktòb - 5 novanm 2023
Jou Eleksyon an	7 novanm 2023 (7:00 a.m. - 7:00 p.m.)

[Hialeah](#)

Novanm ane sa a, rezidan Vil Hialeah yo pral eli nouvo Manm Konsèy Minisipal pou Gwoup I, II, III, IV. Jèn yo (ki gen laj 18-35 an) reprezante 23% nan tout votè ki anrejistre nan vil Hialeah. Lè nou tout vote ansanm nan eleksyon minisipal ane sa a, lidè vil yo pral konnen yo dwe koute jèn yo epi aplike solisyon nou yo. Tcheke dat eleksyon yo ak dat limit ki anba a, epi prepare plan w pou vote jodi a!

*Remak: Vil Hialeah a gen dat eleksyon diferan pase lòt vil yo.



Eleksyon Primè

Dat Limit pou Enskri pou Vote	5 oktòb 2023 (5:00 p.m.)
Dat Limit pou Mande yon Bilten Vote pa Lapòs	24 oktòb 2023 (5:00 p.m.)
Jou Eleksyon Primè	7 novanm 2023

Eleksyon Jeneral

Dat Limit pou Enskri pou Vote	16 oktòb 2023 (5:00 p.m.)
Dat Limit pou Mande yon Bilten Vote pa Lapòs	7 novanm 2023 (5:00 p.m.)
Jou Eleksyon Jeneral	21 novanm 2023